



# Kesyon ak Repons pou Paran yo/Gadyen yo

NYC  
**KiDS** | Save for College  
**RiSE** | Program

[nyckidsrise.org](http://nyckidsrise.org)

## 1. Kisa Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la ye?

Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la ofri ou, fanmi ou, ak kominote ou yon fason pou travay ansanm pou sere pou avni pitit ou a. Li se yon pwogram bousdetid ak ekonomi ki fèt pou fè inivèsite vini plis aksesib e reyalizab pou pitit ou. Nan bay bousdetid davans pou tout elèv ki elijib yo epi bay zouti ak enfòmasyon pou fanmi yo devlope pwòp plan ekonomi yo, Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a ranfòse fanmi pou bati yon fondasyon pou avni pitit yo. Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a pral angaje tout kominote a tou pou ede timoun yo reyalize rèv inivèsite yo. Pwogram lan ouvè a tout timoun kindergarten nan lekòl leta Distri 30-kèlkeswa revni fanmi an oswa stati imigrasyon yo.

## 2. Kijan pati bousdetid Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a fonksyone?

NYC Kids RISE pral otomatikman depoze 100 \$ sou yon kont Bousdetid NYC pou timoun kindergarten ou an. Pandan pitit ou a ap kontinye edikasyon li, NYC Kids RISE ap ofri opòtinite a fanmi ou touche lajan anplis nan kont bousdetid sa a. Lòt manm nan kominote a, tankou òganizasyon kominotè yo ak biznis yo, ap kapab tou pou ajoute nan kont bousdetid yo pou ede pitit ou atenn objektif inivèsite yo.

Lajan bousdetid yo pral investi nan Pwogram Epay Inivèsite *Plan Dirèk* 529 Vil Nouyòk la, yon tip de kont ki fèt espesyalman pou ede fanmi yo ekonomize pou lekòl. Kont Bousdetid NYC pitit ou a ka jwenn oswa pèdi lajan toutan tan ap pase, tou depann de mache finansye a ak pèfòmans investisman an. Sa vle di kantite lajan ki disponib sou Kont Bousdetid NYC yon timoun lè timoun sa a rive nan inivèsite a ka plis oswa mwens pase kantite lajan yo depoze nan kont lan.

## 3. Kijan pati ekonomi Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a fonksyone?

Pou ajoute sou lajan ki investi nan Kont Bousdetid NYC pitit ou a, ou pral gen opòtinite pou ou lovri pwòp kont epay inivèsite ou. Paran yo/gadyen yo, manm fanmi, ak zanmi kapab kontribye dirèkteman sou kont sa a. Tou depan de ki opsyon ou chwazi a, fanmi ou ka swiv balans kont ou an ansanm ak Kont Bousdetid Vil Nouyòk ou an atravè sit entènèt NYC Kids RISE la.

Après pitit ou a fin resevwa kont bousdetid li an, NYC Kids RISE ap bay plis enfòmasyon sou fason pou kreye yon plan ekonomi pou inivèsite ki bon pou oumenm ak fanmi ou an.

## 4. Poukisa Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a te kreye?

Li ka difisil pou ekonomize pou inivèsite. Pou anpil paran, voye pitit yo nan inivèsite ka parèt yon bagay ke yo paka atenn. NYC Kids RISE, an patenarya avèk Vil Nouyòk ak Depatman Edikasyon Vil Nouyòk, te kòmanse Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a pou ranfòse fanmi yo pou yo kòmanse ekonomize ak planifye pou inivèsite nan premye jou lekòl pitit yo a. Rechèch montre ke timoun ki gen yon kont depay ki gen ant 1 \$ jiska 500 \$ ladan l, gen twa fwa plis chans pou enskri nan inivèsite e plis ke kat fwa plis chans pou yo gradye. Rechèch montre tou ke timoun ki ale nan inivèsite touche yon salè siyifikativman pi wo pandan vi yo e yo mwens moun ki ta pap travay.

## 5. Kiyès ki elijib pou patisipe nan pwogram Ekonomize pou Inivèsite a?

Nan faz inisyal sa a, tout elèv kindergarten ki ale nan yon lekòl piblik Distri 30 nan Queens ka patisipe. Chak timoun kindergarten ki ale nan yon lekòl leta Distri 30 depi nan kòmansman jiska fen youn nan "vag chwazi sòti" Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a pral otomatikman enskri nan pwogram lan, sof si fanmi yo chwazi pa patisipe.

## 6. Ki lekòl k ap patisipe?

Tout lekòl piblik nan Distri 30 nan Queens ap patisipe nan premye ane Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la.

## 7. Kouman pou mwen patisipe?

Li fasil pou kòmanse ak kòmanse investi nan avni pitit ou a. Gen twa etap senp pou kòmanse patisipe nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a:

- Chak elèv kindergarten ki ale nan yon lekòl piblik Distri 30 nan Queens pral otomatikman resevwa yon Kont Bousdetid NYC avèk 100 \$ sou li sof si fanmi an ta chwazi pa patisipe.
- Apre ou fin louvri Kont Bousdetid NYC pitit ou a, enskri sou entènèt pou w gade Kont Bousdetid NYC pitit ou epi pou swiv balans lan. Lè w enskri pou w gade Kont Bousdetid NYC pitit ou a, NYC Kids RISE ap depoze yon rekonpans adisyonèl sou li.
- Ale nan yon atelye oswa vizite [nyckidsrise.org](http://nyckidsrise.org) pou aprann plis sou opsyon ekonomi kolèj ak kijan pou kreye yon plan ekonomi inivèsite ki bon pou ou ak fanmi ou.

## 8. E si mwen pa vle patisipe?

Paran responsab elèv kindergarten ki elijib yo pral gen yon opòtinite pou enfòmasyon lekòl yo ke yo pa vle pou yo enskri pitit yo nan pwogram Ekonomize Pou Inivèsite a. Timoun kindergarten ou an pral resevwa yon avi ki ap ba yo opsyon pou rete nan lekòl yo ou non. Si ou pa vle pitit ou a resevwa 100 \$ sou Kont Bousdetid NYC a oswa lajan alavni, ou dwe siyen Avi Retire a epi retounen li nan lekòl pitit ou a nan espas 30 jou apre ou resevwa li.

## 9. Kisa k ap pase si mwen pa patisipe nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a?

Apre 30-jou peryòd pou pran desizyon an, Depatman Edikasyon NYC Kids RISE ap voye non ak enfòmasyon

debaz chak timoun jadendanfan ki gen paran yo pa't deside retire timoun yo nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a. Enfòmasyon sa a ap gen ladan sa yo: non timoun lan, anivèsè nesans li, lekòl lil, klas li, adrès kay li, nimewo telefòn kay li, lang lakay li; Ak non paran / gadyen ak kontak yo (si yo te bay Depatman Edikasyon li). Done sa yo pral pèmèt NYC Kids RISE kreye yon kont bousdetid NYC pou chak timoun k ap patisipe epi depoze 100 \$ sou chak.

## 10. Ki jan stati imigrasyon afekte kapasite mwen pou mwen patisipe?

Chak timoun nan Distri 30 ka patisipe nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite epi resevwa yon Kont Bousdetid NYC, kèlkeswa stati imigrasyon timoun nan oswa fanmi an. Tout fanmi, kèlkeswa stati imigrasyon yo, ka louvri pwòp kont epay inivèsite yo epi kòmanse ekonomize ansanm ak kont bousdetid pitit yo a nan pwogram nan. Vizite [nyckidsrise.org/options](http://nyckidsrise.org/options) oswa ale asiste yon aktivite Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a pou aprann plis sou opsyon epay inivèsite ki fè sans pou fanmi ou.

Tanpri sonje si ou chwazi pou ouvri pwòp kont epay inivèsite ou nan *Plan Dirèk 529 Vil Nouyòk* la, ou dwe yon sitwayen Ameriken oswa yon rezidan ki gen yon adrès pèmanan Ozetazini ki ka verifye.

## 11. Pou kisa yo ka itilize lajan ki nan Kont Bousdetid NYC a? Èske gen restriksyon sou kijan li ka itilize?

Lajan nan Kont Bousdetid NYC a investi nan *Plan Dirèk 529 Vil Nouyòk* epi li ka itilize selman pou ansèyman siperyè. Sa a gen ladan etid inivèsite ki dire de lane ak kat lane ak lòt pwogram fòmasyon pwofesyonèl. Lajan bousdetid yo ka itilize pou peye frè ekolaj, ekipman, kèk depans chanm ak tablo, e menm bagay tankou liv, ki souvan pa kouvri nan lòt bous detid yo. Lajan yo ka itilize pou pwogram akademik ak pwofesyonèl nan Nouyòk ak nan tout lòt kote nan peyi a, ak nan kèk lekòl aletranje tou. Vizite [nysaves.org](http://nysaves.org) pou yon lis konplè depans ansèyman siperyè ki kalifye yo.



Chanjman ki sot pase nan lwa federal taks yo pèmèt depans edikasyon elemantè ak segondè (Kindergarten-Filo) pou kalifye anba plan 529 yo. Sepandan, lajan an nan Kont Bousdetid NYC a pa ka itilize pou nenpòt depans Kindègarten pou rive nan Filo.

## 12. Kiyès ki jere Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a?

NYC Kids RISE jere pwogram Ekonomize pou linivèsite a an patenarya avèk Depatman Edikasyon Vil Nouyòk ak Vil Nouyòk. NYC Kids RISE se yon òganizasyon charitab kap travay pou elaji opòtinite ekonomik ak ekite nan bay fanmi yo, lekòl yo ak kominote yo yon fason pou yo travay ansanm pou sere pou edikasyon pitit yo. Bati sou rèv ak atant fanmi yo genyen pou avni timoun yo, NYC Kids RISE vize fè ale nan inivèsite epi gradye nan inivèsite vini pi reyalyab pou tout elèv lekòl piblik Vil Nouyòk yo - kèlkeswa kote yo soti an oswa ki kantite lajan fanmi yo genyen labank. Aprann plis de nou nan [nyckidsrise.org](http://nyckidsrise.org).

## 13. Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon konsènan pwogram Ekonomize pou Inivèsite a?

Plis enfòmasyon sou Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la la disponib sou entènèt nan [nyckidsrise.org](http://nyckidsrise.org) oswa rele NYC Kids RISE nan 833-KID-RISE (833-543-7473).

*Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la se yon pwogram bousdetid ak ekonomi ki ke NYC Kids RISE Inc, mete sou pye, se yon òganizasyon charitab, ki an patenarya avèk Depatman Edikasyon Vil Nouyòk ak Vil Nouyòk la. NYC Kids RISE pa ni afilye, ni yon distribitè otorize Pwogram Ekonomize pou inivèsite 529 Nouyòk epi li pa mande envèstisman oswa bay konsèy envèstisman. Vil Nouyòk ak Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pa ofri okenn andòsman oswa rekòmandasyon konsènan, epi yo pa kontwole, ni posede oswa afilye avèk manadjè pwogram Ekonomize pou Inivèsite 529 Nouyòk ni okenn inivèsite patikilye oswa lòt investisè, ki gen ladan youn ke fanmi yo ka aprann atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a.*

# Investi nan pitit ou-ekonomoze pou inivèsite

CHACHE KONNEN KI JAN

[nyckidsrise.org](http://nyckidsrise.org)

833-KID-RISE (833-543-7473)

NYC  
KIDS  
RISE

NYC

Office of  
the Mayor

Department  
of Education

GRAY  
FOUNDATION